



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 15/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU FLOTE DRAPO A DEMI-MA NAN MEMWA VIKTIM
ATAK NAN VIL NICE YO, NAN PEYI LAFRANS**

Gouvènè Cuomo: “Sa se pa yon atak sou Lafrans sèlman, men yon atak sou demokrasi.”

Gouvènè Andrew M. Cuomo mande pou monte drapo sou batiman gouvènmantal Leta yo flote a demi-ma nan memwa viktim atak lanwit pase nan vil Nice, nan peyi Lafrans. Eta New York rejwenn nasyon ak kominote atravè mond lan nan dèy moun ki mouri nan trajedi estipid sila.

Gouvènè Cuomo te kontakte ofisyèl otorite fòs de lòd leta yo pou ogmante nivo sekirite nan zòn ki atire anpil atansyon nan Leta New York. Yo te deplwaye pèsonèl fòs de lòd adisyonèl atravè tout rejyon sid leta a, epi Depatman Sekirite Nasyonal Leta a ak Sèvis Ijans ap siveye tout evènman polilè nan tout eta a. Drapo pral flote a demi-ma nan jou Madi 19 Jiyè a.

Ou kapab jwenn yon [deklarasyon](#) Gouvènè Cuomo sou atak nan vil Nice, nan peyi Lafrans ki disponib anba.

“Aksyon vyolans òrib ki rive nan vil Nice lan se yon atak dirèk sou valè inivèsèl ke tou de peyi nou yo ap defann epi soutni depi lontan. Pandan ke pèp Fransè a te rasanble ansanm pou selebre libète ak inite nan jou endepandans yo, ekstremis yo te chèche yon fason pou yo ka afebli li avèk èn ak entolerans. Yo pa’y reyisi. New York rete ini avèk Lafrans ak tout alye nou yo fas a zak laterè. Sa se pa yon atak sou Lafrans sèlman, men yon atak sou demokrasi.”

“Mwen te kontakte ofisyèl otorite fòs de lòd leta yo pou ogmante nivo sekirite nan zòn ki atire anpil atansyon nan Leta a, sa enkli ladan yo ayeropò yo, pon yo, tinèl yo ak sistèm transpò de mas yo. Depatman Sekirite Nasyonal la ansanm ak Biwo Sèvis Ijans Sant Jesyon Siveyans pral an wo nivo dalèt, epi siviye tout sa ki ap pase nan mond lan. Tout staf rejyonal DHSES la deja enfòme pou mentni yon wo nivo dalèt atantif nan tout evènman popilè yo. Polis Leta New York la ak Fòs Ini Entèkansyon Empire Shield te deplwaye lòt twoup adisyonèl nan zòn metwopolitèn New York la. Sekirite piblik se yon bagay primòdyal, epi New York pral kontinye travay aktivman ak tout patnè lokal ak federal yo pou pwoteje tout rezidan ak vizitè yo.”

“Nan non tout Nouyòkè, mwen voye pi pwofon kondoleyans mwen bay moun peyi Lafrans, fanmi sila yo ki pèdi yon moun yo te renmen, ak tout lòt moun ki andèy atravè mond lan.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl disponib nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418